УÆЛЛАГ ИР, НÆ ФЫДÆЛТЫ АВДÆН, ДÆ БОНТÆ ДЫЛ ФÆРНÆЙ ЦÆУÆНТ!

# Сæуæхсид
# ЗАРЯ

РЦИ–АЛАНИЙЫ АЛАГИРЫ РАЙОНЫ ГАЗЕТ

АЛАГИРСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

*Газета основана в феврале 1933 года* 25 ДЕКАБРЯ 2018 ГОДА — ЦЫППУРСЫ МÆЙ ВТОРНИК – ДЫЦЦÆГ № 147 (11513) 6+

ФЕМБÆЛД

## ЦÆМÆЙ ТЫХСЫНЦ КУЫРТТАТЫ КОМЫ ЦÆРДЖЫТÆ

Алагиры æмæ районы цалдæр хъæуы арæзт æрцыд фембæлдтытæ республикæйы Сæргълæууæг **Битарты Вячеславимæ**. Битары-фырт йæхæдæг куыд загъта, афтæмæй ахæм фембæлдтыты руаджы адæмæн сæ бон у бынаты æргом æрныхас кæнын, сæ царды цы вазыгджын лыггæнинаг фарстатæ ис, уыдоныл. Цыппæрæмы, 20 декабры, республикæйы Сæргълæууæг Фыййагдоны Культурæйы хæдзары фембæлд Куырттаты комы цæрджытимæ.

Ахæм фембæлдтыты Битары-фыртимæ вæййынц министрадты, ведомствæты разамонджытæ, Алагиры районы сæргълæууæг **Бутаты Арсен**. Фембæлды райдианы районы разамонæг радзырдта, нæ республикæйы цы æвværццаг ивддзинæдтæ цæуы, уыдоныл. Ахсджиагдæрыл дзы банымадта, тарнизæй дзæбæхгæнæн рынчындоны арæзтад. Рæзы скъолаты, сывæллæтты рæвдауæндæтты нымæц, арæзт æмæ цалцæггонд цæуынц культурæйы уагдæттæ, спортивон фæзтæ, фæндæгтæ. Æрмæст нæ районы афæдзмæ конд æрцыд æртæ хиды, æрæджы та Алагиры байгом сывæллæтты рæвдауæндон. Сæрмагондæй Фыййагдоны кой куы кæнæм, уæд бирæ азты дæргъы амы цæрджытæ æнхъæлмæ кастысты æрдзон газмæ, æмæ ныр сæ бæллиц сæххæст. Уымæй фылдæр куыст бакодтой Культурæйы хæдзары, кæцы бындуронæй цалцæггонд æрцыд. Æмæ ацы социалон политикæ дарддæр дæр республикæйы æмæ районы цæудзæн. «Абон уыцы социалон-экономикон ивддзинæдты тыххæй мах бузныг стæм Битарты Вячеславæй», – загъта Бутаты Арсен. Арфæ ма ракодта меценаттæн, кæцытæ иудадзыг се ‘ргом здахынц æхсæнадон фарстатæм. Хæрзгæнджытæй иу – **Гуыриаты Владимир**, кæцы базылд Куыртта æмæ Тæгайы мæсгуытæм, балхæдта хъæугæ дарæс сывæллæтты хихъæппæрисадон къордæн. Уæдæ доны фарста банывыл кæныны хъуыддаджы дæр ис йе ‘рмдзæф. **Лалиты Лев æмæ Хайты Ибрагим** та муниципалон скондæн балæвар кодтой Хетæгкаты Къостайы бюст.

– Æмбырдтæ райдыдтам Уæлладжыры комæй æмæ æрбахæццæ стæм Куырттатæм, – райдыдта йæ ныхас Битары-фырт. – Цæмæн аразæм ацы фембæлдтытæ? Уый тыххæй, æмæ, адæм нæ размæ цы фарстатæ рахæссынц, уыдон раттæм профилон министрадтæм, цæмæй сыл бакусой. Уыдонæй уæлдай ма сыл кусдзысты æхсæнадон æххуысгæнджытæ, кæцытыл адæм æууæндынц, сæ сæргъы – уæ хъæуккаг **Таучелаты Къоста**.

Фарста раттыны бар фыццаг æрхаудта **Фæрниаты Раяйæмæ**. «Бузныг дын, Битары-фырт, æрвылбон кæй архайыс республикæйы рæсугъддзинад, фæрныгадыл, – загъта фæллойы ветеран. – Уæлдай арфæ дын кæнын æппæт комбæсты цæрджыты номæй, æрдзон артагæй кæй пайда кæнæм, уый тыххæй.





Цæмæй ирон фарн, ирон æгъдау йæ гаччы сбада, мадæлон æвзаг та нывыл уа, уый тыххæй кæуылты у дæ архайд! Бузныг зæгъын Бутаты Арсенæн, бынæттон администрацийы хицау **Гуыриаты Валерийæн**, кæцытæ бахъуыды рæстæг вæййынц нæ фарсмæ. Ис мæм ахæм курдиат. Цæрæм 10-æм фондзуæладзыгон хæдзары. Дæсдыууадæс азы размæ йæ сæр æмбæрзт æрцыд шиферæй. Куыддæр дымгæ ракæны, афтæ шиферты кæцыдæр хай зæххыл сæмбæлы. Нæ разамонæг компанийы сæргълæууæг **Тыджыты Земæ** къæрцхъус у ахæм хабæрттæм, æмæ сæ бампъузынц. Фæлæ уыцы шифертæ иуахæмы знаггад куы скæной, уымæй тæссаг у. Хорз уаид, хæдзары сæр ныры кон æрмæгæй ивд куы ‘рцæуид, уæд…»

**Приты Таймураз** Алагирæй Фыййагдоны æрзæткъахæнмæ рацыд 1984 азы. Бирæ азты дзы бакуыста. Цыппар азы размæ 15-æм корпусы раз гараж сарæзта, фæлæ йын гæххæттытæ закъоны бындурыл скæнын не ‘нтысы. **Чъерджиаты Николай** та дзырдта Хохы Дзуарыхъæуы проблемæтыл. Ис дзы 11 хæдзары, цæрджытæ тыхсынц, хъæумæ хуызæнæн фæндаг кæй нæй, уымæй. Афтæмæй 2 километры дæрддзæг йеддæмæ нæу. «Бынæттон администрацимæ уыцы фарста алыг кæнынмæ æхцайы фæрæзтæ нæй, æмæ республикæйы хицауадæй æххуыс курæм, – загъта йæ курдиат **Цæруаты Дилярæ**. – Мæ дыккаг курдиат та у ахæм. Æхсызгон у, коммæ æрдзон газ кæй æрбахæццæ, уый. Фæлæ хъæуты фылдæр цæры пенсионертæ. Йæ фадат кæмæн амоны, уыдон цыфæнды аргъæй дæр бауадздзысты газ, фæлæ бирæтæн сæ бон нæу 27 мины бафидын. Уымæй уæлдай ма æлхæнын хъæуы тæвдгæнæн аг, системæйæн æндæр æмбæлгæ хæйттæ. Зынаргъ у суг дæр: машинæ – 9 мины, зымæгон ахæм машинæтæ бахъæуы æртæцыппар. Кæд гæнæн ис, уæд бацархайут, цæмæй нын артаг бауадзыны æргътæ фæкъаддæр кæной, кæнæ та йæ хайгай куыд бафидæм, афтæ».

Культурæйы хæдзары сæргълæууæг **Багаты Лянæ** бузныг загъта, культурæйы артдзæст капиталон цалцæг кæй æрцыд, уый фæдыл. Фæлæ йæ дыккаг уæладзыг нырма у базилинаг, кæд æрцæудзæн уый рад та? Ноджы ма хъуаг æййафынц музыкалон аппаратурæйæ, æдзæллаг уавæры сты агъуысты бахизæнтæ дæр…

Дæс æмæ ссæдз азы дæргъы Пульмонологон центры цалцæг кæныны куыстытæ кæй не ‘рцыд, ууыл дзырдтой сæйраг дохтыр **Хæмæтаты Батырбег** æмæ Цæцæны Республикæйы цæрæг **Саид Хуржониев**, кæцы къорд азы дæргъы у Центры пациент. Хорз уаид, ацы социалон объект федералон программæмæ хаст куы ‘рцæуид, уæд. Фыййагдоны стадион æмæ базар кæй нæй, уый фæдыл сагъæс кодтой **Дулаты Аслæнбег æмæ Хъуылымбегты Витали**.

**Бызыккаты Таймуразмæ** дæр уыд цалдæр курдиаты. Фыццаджыдæр куры, цæмæй поселочы æвæрд æрцæуа банкомат, байгом дзы кæной МФЦ-йы хайад дæр: «Бирæ нæм ис зæронд адæм, кæцытæн зын у алыхатт Алагирмæ кæнæ Дзæуджыхъæумæ цæуын». Æвæстиатæй æркæсын хъæуы туризмы, экологийы фарстатæм дæр.

Карз ныхас цыд, абон зæххытæй хæдзардзинæй пайдагонд кæй нæ цæуы, фос хизынæн æмæ хос кæрдынæн уавæртæ кæй нал ис, уый фæдыл дæр. «Зæххытæ кæйдæр не сты, фæлæ паддзахады æмæ республикæйы, – бафиппайдта Битары-фырт. – Иуæн дæр сæ нæй уæй кæныны бар. Æмæ ахæм уавæр ис æппæт Ирыстоны дæр. Зæххытæ чи балхæдта, уыдон сын гæххæттытæ скодтой, фæлæ сæ нæ кусынц. Дыууæ азы дæргъы архайæм, цæмæй, куыстгонд цы зæххытæ нæ цæуы, уыдон фæстæмæ райсæм». Республикæйы Сæргълæууæг дарддæр дзырдта, зæххыл кусын кæй фæнды, уыдонæн паддзахад кæй кæны æххуыс. Зæгъæм, дæ зæрды теплицæ æрæвæрын кæнæ инкубатор скæнын куы уа, уæд. Фос чи дара, уыдонæн æххуыс уыдзæн æхцайы фæрæзтæй – программæтæ «Начинающий фермер» æмæ «Семейные животноводческие фермы»-йы руаджы. Уæдæ фæндæгтæ дæр, адæм кæм кусой, уырдæм конд цæудзысты.

Битарты Вячеслав ма куыд загъта, афтæмæй республикæйы Парламент сфидар кодта закъон «Служба главного архитектора». Службæ уынаффæ кæндзæн, кæм, цы æмæ куыд хъуамæ арæзт цæуа.

Фембæлд ахаста суанг æмбисæхсæвмæ. Алы адæймагæн дæр йæ бон уыд йæ курдиат кæнæ фарста раргом кæнын, æмæ алкæмæ дæр республикæйы Сæргълæууæг лæмбынæг байхъуыста.

**ЛЯНТЫ Элинæ.**
**Къамтæ систа ЗÆНДЖИАТЫ А.**

ГОСПОДДЕРЖКА

## Аграрию – в помощь

**В августе текущего года 15 тружеников сельского хозяйства в республике получили государственную поддержку по подпрограммам «Начинающий фермер» и «Семейные животноводческие фермы». В рамках государственной помощи аграриям грантополучателями стали и представители Алагирского района.**

Двухэтапную систему отбора прошли в подпрограмме «Начинающий фермер» заявки индивидуального предпринимателя из селения Црау Аслана Козаева, в чьих планах рыбоводческое хозяйство, и индивидуального предпринимателя из селения Дзуарикау Руслана Келехсаева, который направит средства гранта на приобретение племенных сельскохозяйственных животных для разведения в молочном животноводстве. В подпрограмме «Семейные животноводческие фермы» поддержку получил проект индивидуального предпринимателя из Горного Карца Таймураза Дзебисова. Руководитель крестьянского фермерского хозяйства планирует приобрести племенных нетелей Абердин-ангусской породы и заняться скотоводством мясного направления.

– В Алагирском районе программа государственной поддержки работает с 2012 года, – говорит начальник отдела сельского хозяйства АМС района Хетаг Хетагуров. – За это время гранты на развитие хозяйства получили 54 начинающих фермеров и 6 глав семейных животноводческих ферм. Средства гранта послужили хорошим финансовым подспорьем для приобретения поголовья скота. Возможность поучаствовать в конкурсе и получить грант есть у каждого, кто предоставит в министерство сельского хозяйства республики перечень необходимых документов. Они должны соответствовать всем требованиям к соискателям гранта. На подготовку пакета документов потребуется время, но грант того стоит! Подробную информацию и консультационную помощь можно получить в отделе сельского хозяйства.

Напомним, что помощь начинающим фермерам в виде грантов от государства оказывается с 2012 года. Цель программы – помочь развить предпринимательскую деятельность в любой отрасли сельского хозяйства: разведении коров, овец, коз, свиней, птицы, выращивании картофеля, зерновых культур, овощей на открытом и закрытом грунте, плодов и ягод, в рыбоводстве и пчеловодстве. Гранты предоставляются лицам, которые зарегистрированы как индивидуальные предприниматели не менее года, имеют бизнес-план по расширению или модернизации хозяйства.

**Татьяна БАЙБАРОДОВА.**

НЕ ЗАБУДЬТЕ ПОДПИСАТЬСЯ НА ГАЗЕТУ “ЗАРЯ“ !

### В Совете Федерации

# Будни сенатора



В стенах Совета Федерации Федерального Собрания РФ состоялось заседание Комиссии по сотрудничеству верхней палаты российского Парламента и Парламента Республики Южная Осетия-Государство Алания.

Участниками совещания были обсуждены меры по законодательному обеспечению реализации Договора между РФ и РЮО о союзничестве и интеграции. Сенатор от РСО-Алания Арсен Фадзаев поднял ряд вопросов, в том числе о целесообразности границы между Севером и Югом Осетии, а также несовершенстве избирательной системы, при которой гражданин Южной Осетии не может баллотироваться на выборах различного уровня в субъектах РФ. Помимо этого, на заседании был рассмотрен вопрос о получении материнского капитала гражданами РФ, проживающими на территории РЮО. В Южной Осетии работает представительство Северо-Осетинского отделения Пенсионного фонда РФ, куда они могут обратиться и оформить заявление на получение маткапитала.

Члены Комиссии затронули тему отдыха детей из Южной Осетии в детских оздоровительных учреждениях на территории России. По словам коллеги А. Фадзаева, сенатора от Крыма Сергея Цекова, за последние два года в детском лагере «Артек» отдохнули 53 ребенка. «Мы готовы и дальше принимать детей из Южной Осетии в этом и других детских лагерях», — сказал он.

По итогам заседания было принято решение продолжить взаимодействие по укреплению договорно-правовой базы между государствами, со стороны парламентов прилагать усилия по скорейшей ратификации подготовленных договоров и соглашений.

Также на минувшей неделе Арсен Фадзаев, возглавлявший делегацию сборной России по вольной борьбе на чемпионате мира-2018 в Будапеште, вместе с руководством ФСБР и новоиспеченными чемпионами мира встречался с вице-премьером Правительства РФ по вопросам культуры, спорта и туризма Ольгой Юрьевной Голодец.

На встрече были подведены итоги года и намечены перспективы развития спортивной борьбы в России. Арсеном Фадзаевым была озвучена необходимость строительства нового Дворца спорта во Владикавказе и инициатива проведения чемпионата мира в столице РСО-Алания. Ольге Голодец были продемонстрированы кадры с прошедшего международного турнира «Аланы», где не хватало даже стоячих мест, а люди сидели на трубах. На вице-премьера это произвело должное впечатление. «Есть полное понимание и поддержка со стороны правительства России, в связи с чем убеждён в положительном решении озвученных вопросов», – резюмировал А. Фадзаев.

**Алан БЕРДИЕВ.**

### Æхсæнадон организациты

# Æрдзырдтой афæдзы куысты бæрæггæнæнтыл

Æрæджы Алагиры районы Ныхасы Советæн уыд радон дзуапдæттæн æмбырд. Советы уæнгтæ æрныхас кодтой 2018 азы куысты бæрæггæнæнтыл, æндæр ахсджиаг фарстатыл.

Æмбырд байгом кодта Ныхасы сæрдар Годжиты Хъазыбег. Уый цыбырæй радзырдта, Советы цур цы фондз комитеты арæзт æрцыд, уыдоны архайды тыххæй. Сæ алкæцыдæр йæ куыст арæзта бæлвырд пъланмæ гæсгæ: Ирон æвзаг, традицитæ æмæ æгъдау хъахъхъæныны комитет (Абойты Анатоли), Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитет (Ханайты Таймураз), Мыггæгты Ныхастимæ æмгуыстгæнæн комитет (Гæззаты Мæирбег), Карз нозт æмæ æндæр фыдбылызхæссæг фæрæзтимæ тохгæнæн комитет (Хъалæгаты Гаянæ), Сылгоймæгты комитет (Æмбалты Тамарæ). Æмткæй се 'ппæт дæр бахастой хорз бавæрæн фæсивæды удварнон хъомыладмæ.

Уый фæстæ Годжиты Хъазыбег ныхасы бар радта комитетты сæргълæуджытæн. Æмбалты Тамарæ куыд бацамыдта, афтæмæй сылгоймæгты комитеты хъæппæрисæй Мады бæрæгбоны кадæн арæзт æрцыд мидисджын мадзал. Уымæй уæлдай ма районы Культурæйы галуаны уыд кадджын изæр-фембæлд «Сылгоймаг – лидер». Æрбахуыдтой йæм разамонæг сылгоймæгты, кæцытæ се 'ххуысы хай хæссынц районы экономикæйы рæзтмæ: сарæзтой адæмæн уæлæмхасæн куысты бынæттæ. Сылгоймæгты комитеты уæнгтæ ирон æвзаг, традицитæ æмæ æгъдау хъахъхъæныны комитетимæ рахастой иумæйаг уынаффæ цины æмæ зианы хæрдзты тыххæй.

Иннæ комитетты разамонджытæ дæр цыбырæй загътой, куыд кусынц бынаты не 'гъдау, нæ традицитæ бахъахъхъæныны хъуыддагыл. Арæх саразынц фембæлдтытæ фæсивæдимæ.

Ныхасы Советæн ис фидар бастдзинад Сывæллæтты сфæлдыстадон центримæ. Джеоргуыбайы бæрæгбоны кадæн куыд æрвылаз, афтæ та ныр дæр бацæттæ кодтой конкурс «Сатанайы къæбиц». Сæ арæхстдзинад дзы равдыстой хистæр кълæсты ахуырдзау-чызджытæ, Дзæуджыхъæуы базарадон-экономикон техникумы æрвылазон традицион фестиваль «Фыдæлты фарн»-ы хорз цæттæдзинад равдыстой нæ районы минæвæрттæ. Уæлахизы боны кадæн арæзт æрцыд изæр «Мы этой памяти верны», нæ номдзыд фыссæг, поэт æмæ публицист Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бонмæ та литературон-музыкалон композици «Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд». Æмткæй, сæйрагдæр у фæсивæды ирондзинадмæ æмхиц кæнын, нæ мадæлон æвзаг æмæ традицитæ зонын, уарзын.

Годжиты Хъазыбеджы ныхæстæм гæсгæ, Иры Стыр Ныхасы хъæппæрисæй мыхуыры рацыд чиныг «Чындзхаст, чызгæрвыст æмæ марды æгъдæуттæ». «Бацархайын хъæуы, – загъта Хъазыбег, – цæмæй уыцы чиныгимæ базонгæ уой районы цæрджытæ дæр». Чиныг, æнæмæнг, хорз æххуыс уыдзæн ахуыргæнджытæн дæр ирон адæмы традицитæ æмæ культурæйы урокты.

Кæронбæттæны æмбырды архайджытæ сфидар кодтой Ныхасы Советы куысты пълан Ног 2019 азæн.

**МАМЫТТЫ Виктория.**

### Ратная служба

# Благодарственное письмо – повод для гордости

*Уважаемые Артур Заурбекович и Анжела Ахмедовна!*

*Вам пишет командир подразделения, в котором проходил военную службу ваш сын Аккалаев Алан Артурович. На протяжении всей службы он зарекомендовал себя исполнительным, дисциплинированным солдатом, строго соблюдал требования воинского устава, постоянно совершенствовал своё воинское мастерство. Показывал хорошие и отличные результаты в выполнении нормативов боевой подготовки, активно занимался спортом. К командирам, старшим товарищам и сослуживцам проявлял уважение, такт, не терял личного достоинства и пользовался авторитетом в коллективе. От лица вышестоящего командования и от себя лично выражаю вам, уважаемые Артур Заурбекович и Анжела Ахмедовна, глубокую признательность за хорошее воспитание вашего сына. Вы вырастили настоящего защитника нашей Родины и можете гордиться им! Он достойно прослужил установленный законом срок службы.*



Это строки из Благодарственного письма, присланного родителям Алана Аккалаева командиром ВЧ-98591 подполковником Г. Курбаналиевым.

Письмо семья Аккалаевых получила незадолго до возвращения сына из армии. Для каждого родителя такие строки являются поводом для гордости. Год назад, провожая Алана в Вооружённые силы РФ, они были уверены, что он не подведёт, с честью и достоинством выполнит свой гражданский долг перед Родиной.

Гордятся Аланом не только родители, но и его соседи, а также педагоги СОШ № 5 и СКЛТ, чьим выпускником он является.

Желаем Алану Аккалаеву здоровья, дальнейших успехов в реализации намеченных планов!

**Виктория ХАДИКОВА.**

### ГРАФИК
### отчетов перед населением участковых уполномоченных полиции ОМВД России по Алагирскому району РСО-Алания о проделанной работе за 2018 год

| № административного участка, Ф.И.О. участкового уполномоченного полиции | Дата проведения отчета | Время проведения отчета | Место проведения отчета | Председатель общественного объединения правоохранительной направленности | Ответственный от руководства территориального органа МВД России |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 зона<br>Ст. УУП Парсиев А.С. | 04.01.2019 г. | 14:00 | АМС г. Алагира | Бицоев О.К. | Кукишвили Г.С. |
| Ст .УУП Чеджемов А.К. | | | | | |
| УУП Гаглоев У.С. | | | | | |
| УУП Абибов Н.Ф. | | | | | |
| УУП Козаев З.Г. | | | | | |
| УУП Гаглоев У.С. (Вакант) | 03.01.2019 г. | 14:00 | ДК с. Црау | Бицоев О.К. | |
| 2 зона<br>Ст. УУП Псхациев Р.Т. | 05.01.2019 г. | 14:00 | АМС г. Алагира | Бицоев О.К. | Мазлоев А.А. |
| УУП Оказов Т.А. | | | | | |
| УУП Кайтмазов И.В. | | | | | |
| УУП Таказов Д.Т. | | | | | |
| Вакант | | | | | |
| УУП Моргоев А.В. | 06.01.2019 г. | 14:00 | ДК с. Рамоново. | Бицоев О.К. | |
| 5 зона<br>Ст. УУП Цидаев А.Р. | 07.01.2019 г. | 17:00 | ДК с. Бирагзанг | Бицоев О.К. | Черткоев Т.И. |
| Ст.УУП Цидаев А.Р. (Вакант) | 08.01.2019 г. | 17:00 | ДК с. Суадаг | Бицоев О.К. | |
| УУП Чельдиев М.Р. | 09.01.2019 г. | 17:00 | ДК с. Хаталдон | Бицоев О.К. | |
| УУП Чельдиев М.Р. | 10.01.2019 г. | 17:00 | ДК с. Ногкау, с. Цаликово | Бицоев О.К. | |
| 3 зона<br>Ст. УУП Кучиев А.В. | 11.01.2019 г. | 17:00 | АМС п.Зарамаг | Бицоев О.К. | Дудиев А.В. |
| УУП Цомаев О.В | 14.01.2019 г. | 17:00 | ДК п. Бурон | Бицоев О.К. | |
| УУП Габисов Б.В. | 12.01.2019 г. | 14:00 | ДК с. Мизур | Бицоев О.К. | |
| УУП Хабалов Ю.С. | | | | Бицоев О.К. | |
| УУП Тибилов Д.В. | 15.01.2019 г. | 17:00 | ДК с. Унал | Бицоев О.К. | |
| УУП Цховребов В.В. | 16.01.2019 г. | 17:00 | с. Цей | Бицоев О.К. | |
| 4 зона<br>Ст. УУП Гайтов З.А. | 17.01.2019 г. | 17:00 | ДК п. Фиагдон | Бицоев О.К. | Халлаев А.В. |
| УУП Дзуцев Д.В. | 18.01.2019 г. | 17:00 | ДК с. Майрамадаг | Бицоев О.К. | |
| УУП Дудиев М.К. | 19.01.2019 г. | 14:00 | ДК с. Дзуарикау | Бицоев О.К. | |

**Начальник ОУУП и ПДН ОМВД России по Алагирскому району подполковник полиции Г. Кукишвили.**

### Арфæйы ныхæстæ

# Хистæры чи барæвдауы, уый амонддджын у

Туаты Тамарæ тагъд йæ 90 азы сæрты акæсдзæн. Тынг фыдæбонджын адæймаг у. Ууыл дзурæг сты йæ бирæ хæрзиуджытæ. Æрзæткъахæны кусгæйæ, цыппар сывæллоны мад сси социалистон фæллойы хъазуатон, коммунистон фæллойы раззагдæр кусæг, хорзæхгонд æрцыд бирæ арфæйы гæххæттытæй.

Фæлæ азтæ, азтæ… Æппæт дæр сæ быны ассæндынц. Абон Тамарæ æнæфæразгæ у, хуыссæнуатон. Зын у рынчынæн искæй къухмæ кæсын. Фæлæ Тамарæмæ хорз зилынц йæ цот æмæ уыдоны цот. Кæй зæгъын æй хъæуы, хи цотæн уый сæ хæс у, фæлæ иудадзыг æцæгæлон адæймагæй ахæм цæстдард уынын стыр арфæйы аккаг у.

Мæ ныхас у Алагиры поликлиникæйы дохтыр Бæззаты Алыксандры тыххæй. Никуы ничи сног кодта зæронд адæймаджы, фæлæ дохтыры фæлмæн узæлд, йæ зæрдæбын ныхас рынчынæн сты æвдадзы хос. Алыксандр Туаты хæдзары къæсæрæй куы æрбахизы, уæд йемæ æрбахæссы, зæрдæрухсдзинад æмæ фарны ныхас. Йæ фæлмæн ныхас дæр Тамарæйæн йæ низ ферох кæнын кæны. Уый у æцæг дохтыр, рынчынæн æнæниздзинад чи хæссы, ахæм. Æмæ Тамарæйы фæнды газеты фæрцы зæрдæбын арфæ ракæнын йæ уарзон дохтырæн.

Дæ тых, дæ хъару фылдæр кæнæд, Алыксандр! Дæ кæстæрты хуртæй æфсæст у! Бирæ азты æнæнизæй æвдадзы хос кæн адæмæн, æмæ дыл арфæгæнæджы арфæтæ æрцæуæд!

**Тамарæйы фæндонмæ гæсгæ – йæ хо Кларæ.**

❑ Родителям на заметку

# ГОТОВИМСЯ К НОВОМУ ГОДУ С РЕБЕНКОМ

***Приближаются новогодние праздники. Это удивительное время. Время надежд и исполнения желаний. Родителям очень хочется сделать этот праздник для детей волшебным.***

***Новогодняя ночь – самая волшебная в году. Это то самое время, когда родители могут подарить ребенку настоящую сказку.***

***Как, а главное – что дарить своим малышам? Стоит ли делать это от имени Деда Мороза или лучше обойтись без посредников? Вредны ли истории про Деда Мороза?***



**ВСЕ ДЕТИ ЛЮБЯТ СКАЗОЧНЫЕ ИСТОРИИ**

Именно простой язык сказки они понимают легче, чем обычную, иногда безэмоциональную, речь взрослого. Рассказывая малышу сказки, мы развиваем его внутренний мир. Сказки формируют основы поведения, общения, развивают правильную речь и воображение, учат различать добро и зло. Роль сказок в воспитании детей трудно переоценить.

У новогодней сказки, как и любой другой, есть свои герои и, естественно, триумф добрых персонажей. В доброго бородатого волшебника в детстве верят практически все. История Деда Мороза – это праздничная сказка с веселым настроением и подарками. Когда же еще, если не в детстве, верить в сказку? Ведь даже взрослые очень часто надеются на чудо, особенно в моменты бессилия. Для ребенка вера в Деда Мороза – это возможность верить в чудо, понимать, что есть что-то, что помогает двигаться дальше, несмотря на все трудности. С возрастом постепенно иллюзия рассеивается.

**КАК ПОДДЕРЖАТЬ ВЕРУ В ЧУДО**

Приходит время, и в период раннего подросткового возраста (примерно в 8-10 лет) дети готовы принять факт того, что новогодние герои – вымысел. Если к подобным открытиям ваш ребенок еще не готов, помогите ему в сложных моментах принятия. Говорите о том, что хоть вы и взрослый человек, но тоже верите в чудеса. И уверены, что если чего-то очень сильно захотеть и прилагать к этому усилия, все осуществится.

***• Если в костюме Деда Мороза малыш узнал воспитателя из детского сада, своего папу или кого-то из знакомых взрослых, объясните, что Новый год — это праздник. В праздник мы радуем друг друга, создавая настроение, играем и переодеваемся.***

***• Не перекладывайте ответственность за воспитание ребенка на Деда Мороза – «будешь плохо себя вести, Дед Мороз не принесет тебе подарка».***

**С. ДЗАРАХОХОВА,**
детский психолог.

**УВАЖАЕМЫЕ АБОНЕНТЫ АО «СЕВКАВКАЗЭНЕРГО»!**
**В СВЯЗИ с предстоящим с 01.01. 2019 года ПОВЫШЕНИЕМ ТАРИФОВ на электроэнергию, ПРОСИМ ВАС ОПЛАТИТЬ ЗАДОЛЖЕННОСТЬ за потребленную электроэнергию во избежание начисления по новому тарифу.**
**Администрация АО «Севкавказэнерго».**

❑ Уроки этикета

***«Здравствуйте, сотрудники редакции! С удовольствием читала в вашей газете статьи «Уроки этикета». Несколько газет передала внучке в город, чтобы знала, как вести себя в обществе. Но «уроки» почему-то пропали. Верните их, если можно. С уважением – Ф. Гаева».***

# КАК ВОСПИТЫВАТЬ УВАЖЕНИЕ К СТАРИКАМ

Старый что малый. Эта пословица объединяет в нашем сознании детей и стариков. За внешней грубоватостью этого соединения – старый что малый – слышится и нежность, и мысль о том, что дети и старики нуждаются в помощи, защите, особом к ним отношении.

Правильно поступают родители, которые, как бы отстраняясь в тень, с раннего детства внушают детям, что бабушка и дедушка помогают их растить, ставить на ноги. Когда бабушка (или дед) рассказывает или читает сказку внукам, не забывайте подчёркивать их мудрость и знание жизни.

Сыновей и дочерей с детства нужно приучать к правилам общежития: оставлять лучший кусок за столом старикам, уступать им место в общественном транспорте, помочь немощному (или больному, слепому) перейти дорогу. Умение отдать лучшее другому – одно из важнейших человеческих достоинств. Ребёнок, умеющий без сожаленья, а напротив, с готовностью и душевной радостью отдавать, вырастет достойным, сердечным человеком.

Маленького человека надо научить ухаживать за стариками. Попросить отнести бабушке (дедушке) чашку чая, поинтересоваться, какое именно варенье она или он хочет. Если холодно, предложить бабуле платок – словом, научить детей заботиться о других не от случая к случаю, а постоянно.

Забота, внимание, любовь к старым людям в семье должны быть второй натурой каждого человека, но закладываются и утверждаются эти качества в раннем возрасте.

…Ваш ребенок вырос, а старики ещё больше состарились. Хорошо, чтобы между ними установились личные, без вашего участия, отношения, возникли свои тайны. У мальчиков и девочек возникает множество вопросов, которые хочется обсудить со взрослыми. Родителям не всегда следует вникать во все подробности новых проблем, пусть некоторые из них достанутся старикам. А какое это счастье для старого человека – быть повершенным в делах подросшей внучки или внука!

В заключение процитирую строки поэтессы Людмилы Татьяничевой «Берегите старых людей», до глубины души трогающие своей искренностью.

*Для весёлых весенних ветвей*
*Корни более чем родня…*
*Берегите старых людей*
*От обид, холодов, огня.*
*За спиной у них – гул атак,*
*Годы тяжких трудов и битв…*
*Но у старости ломок шаг*
*И неровен дыхания ритм.*
*Но у старости силы не те,*
*Дней непрожитых мал запас…*
*Берегите старых людей,*
*Без которых не было б вас!*

**Аза АБАЕВА,**
почетный работник образования РФ.

В эти особенные радостные дни мы вновь и вновь вспоминаем невероятное событие в истории человеческого рода – приход в наш мир Сына Божьего – Спасителя и Господа Иисуса Христа! Разорвав пространство и время, Сам Бог сделал шаг к нам и пришел к нам. Иисус Христос родился в этот мир, а не из этого мира. Он не был «продуктом развития цивилизации», Он вошел в историю извне. Его нельзя назвать лучшим из людей. Это не человек, ставший Богом, а Сам Бог во плоти. Его жизнь – жизнь высшая и святейшая – входит в мир через самую низкую дверь. Рождество Господа Иисуса Христа было пришествием Бога-Спасителя в наш мир. Рождение Христа открывает двери для прощения наших грехов, подлинного Богопознания, обретения настоящего счастья, получения небесного гражданства, нахождения истинного смысла жизни.

**«И СКАЗАЛ ИМ АНГЕЛ: НЕ БОЙТЕСЬ; Я ВОЗВЕЩАЮ ВАМ ВЕЛИКУЮ РАДОСТЬ, КОТОРАЯ БУДЕТ ВСЕМ ЛЮДЯМ» (Лук. 2:10)**



В истории нет события, подобного Рождеству. Иисус пришел на землю, чтобы ценой Своей жизни подарить нам спасение. Сегодня Бог, через Иисуса Христа, желает озарения наших сердец, изменения жизни каждого человека!

Подходит к концу 2018 год от Рождества Христова и, несомненно, нам есть за что благодарить Небесного Отца: Его Слово продолжает звучать для страждущих и обремененных, Его долготерпение дает надежду людям.

Примите сердечные поздравления с самым великим праздником на земле – Рождеством Христовым и наступающим Новым 2019 годом, и пожелать вам и вашим близким здоровья, успехов, благополучия, счастья и обильных Божиих благословений! Пусть родившийся Господь Иисус Христос наполнит вас Своим миром, светом и радостью! Пусть Вифлеемская звезда освещает путь каждого человека!

**С уважением – пресвитер Алагирской Церкви ЕХБ «Заря» Гаврил Цомаев.**

❑ Социальный ракурс

# *ПРАЗДНИК ДЛЯ ОСОБЕННЫХ ДЕТЕЙ*



**Местное отделение Всероссийской политической партии «Единая Россия» совместно с АМС Алагирского района и военно-патриотическим клубом «Ас-Аланы» в предверии Нового года организовали утренник для детей с ограниченными возможностями здоровья.**

По словам организаторов, это ежегодное мероприятие проводится для особенных детей с целью окунуть их в атмосферу праздника.

Организаторы пригласили группу аниматоров «Планета развлечений» из Владикавказа. Дети и их родители были активно вовлечены Снегурочкой в игру, где они все вместе противостояли злу. Своими добрыми улыбками они расколдовали сердце злой волшебницы Малефисенты, которая, в награду за их активное участие в конкурсах, устроила представление с мыльными пузырями. Дети были в восторге. А милый мишка Тедди понравился не только детям, но и взрослым, каждый хотел с ним сфотографироваться. И, конечно же, Дед Мороз, который зажёг на ёлочке разноцветные огни. В конце утренника все дети получили новогодние сладкие подарки от организаторов мероприятия.

Праздник пришёлся по душе не только детям, но и их родителям. Все присутствовавшие на празднике ребята, а вместе с ними и родители, получили массу положительных эмоций и заряд хорошего настроения.

**Виктория ХАДИКОВА.**
**Фото А. ЗАНГИЕВА.**

# ЦÆРЫ ЙÆ СУРÆТ НЕМÆ

**(Пагæты Хъазыбеджы номарæн)**

**Рухс фæд чи ныууагъта царды,**
**Уый мæрдты дзæнæты бады…**

Рæстæг дугъон бæхау згъоры, цард йæ кæнонтæ кæны. Цин æмæ хъыг йе 'мдзу кæнынц иудадзыг. Мæнæ та стæм Ног азы къæсæрыл. Адæм æнхъæлмæ кæсынц сæ рухс бæллицтæ сæххæст кæнынмæ, фæлæ стыр зиан чи баййæфта, уыдонæн сæ зæрдæрыстæй Ног азы цинтæ рагом кæнын сæ бон нæу. Æмæ сыл хорз бонтæ кæнæд! Мах, йæ бинонтæ, хиуæттæ, хæлæрттæ, сыхбæстæ, хъæубæстæ мысæм Хъазыбеджы рухс ном æмæ ныл цардаудæн кæнæд.



Кæд йе 'цæг дунемæ ацыдыл къорд азы рацыд, уæддæр нæ зæрдæтæй нæ рох кæны, йæ сурæт цæры немæ. Цæстытыл ауайынц йæ саджы фисынтыл амад гуырыконд, йæ хæлар æмæ домаг цæстæнгас, йæ цыргъзонд ныхæстæ. Йемæ чи 'мбæлд ныхасмæ, уыдонмæ афтæ каст, цыма йæ Хуыцау сфæлдыста стыр бæрнон лæг суæвынмæ нæ чысыл Ирыстонæн. Æмæ уый æцæгæй дæр афтæ у: куы цардаид, уæд паддзахадон бæрнон куысты къæпхæнтыл схызтаид тынг бæрзонд. Фæлæ хъысмæтæн цы загъдæуа – арвæй дур æрхауæгау ын æлхæнгæ фыдгулы нæмыг йæ рæсугъд цард аскъуыдта. Æмæ уыцы стыр фыдракæнд кæй къухæй æрцыди, уыдонæн Хуыцау тæрхонгæнæг фæуæд.

Хъазыбег – бинонты уарзон хъæбул, байрæзт, сахуыр кодта, райдзаст æмæ уæрæх фæндагыл цæугæйæ, бæрнон куысты аккаг сси нæ республикæйы. Уыд домаг йæхицæй дæр æмæ йе 'мкусджытæй дæр. Æмæ йæ хъуыддæгтæ дæр æнтыстджынæй уый руаджы цыдысты. Йе 'нæзæрдæхудт бæрнон куыст æмæ йе сгуыхтдзинæдтæ нымайгæйæ нæ республикæйы æмæ районы хицауады уынаффæмæ гæсгæ йын йæ ном сæнусон кодтой ахæм мадзæлттæй: йæ ном хæссы Алагиры сывæллæтты сфæлдыстадон центр, арæзт ыл æрцыд æнкъард, зæрдæмæхъаргæ зарæг. Бузныг зæгъæм, чи сыл бацархайдта, уыдонæн.

**Йæ бирæ хæлæрттæ æмæ хиуæтты номæй – ГАМАТЫ Иван.**

# ПОЗДРАВЛЕНИЯ. РЕКЛАМА. ОБЪЯВЛЕНИЯ



**РÆМОНТЫ Илитæйæн йæ юбилейы фæдыл зæрдиаг арфæ кæнæм!**

Илитæ æххæст у ирон сылгоймаджы хуыздæр миниуджытæй – у къонайы цырагъ, зондамонæг йæ уарзон кæстæртæн. Йæ мидбылхудт æмæ фæлмæн ныхасæй йæхи уарзын кæны йæ алыварс адæмæн.

Нæ зынаргъ, нæ уарзон мад, нæ бабу! Цы бинонтæ æмæ дын цы рæсугъд кæстæртæ ис, уыдонимæ дæ сæдæ азы юбилеймæ куыд фæцæрай, ахæм амонд дын Стыр Хуыцау балæвар кæнæд! Дæ райдзаст къæбиц дзагæй-дзагдæр кæнæд, дæ уазæгуарзон хæдзарæй ирон фæндыры зæлтæ хъуысæд!

Мадыхойæ, дам, мады ад цæуы, æмæ уый раст у. **Нæ уарзон мадыхо Ильфетæйæн йæ гуырæнбоны фæдыл арфæ кæнæм!**

У нын æнæниз, æнæмаст, амондджын!

Мады Майрæмы фæдзæхст нын ут! Ног азы хорзæх уæ уæд, ног хæрзтæ уын æрхæссæд!

**Уæ адджын кæстæртæ.**

**Дорогую Илиту РАМОНОВУ поздравляем с юбилеем!**

*Ты как могла нас баловала,*
*Уют нам в доме создавала.*
*Всегда внимательно следила,*
*Чтоб стужа нас не застудила.*
*Бабушка, тебя мы любим,*
*В твой день рожденья рядом будем.*
*Здоровья мы тебе желаем,*
*И очень нежно обнимаем!*

**Сын Эльбрус и его семья – Мадина, Чермен, Диана и Иден.**

**Поздравляем с юбилеем Зарему Махарбековну ТАБОЛОВУ!**

*Красивой женщины мы годы не считаем,*
*Сердечно с юбилеем поздравляем*
*И красоту желаем не терять,*
*А вместе со здоровьем умножать!*
*Пусть счастье Вас везде сопровождает,*
*А жизнь за мудрость щедро награждает*
*И силы, бодрости побольше Вам дает,*
*Душа трепещет, от радости поет.*
*И близкие пусть будут все здоровы,*
*Ведь это счастья нашего основа.*
*Успехов Вам и вдохновения в труде,*
*Любви от всех и обожания везде!*

**С уважением – коллектив детского сада № 7.**


**ЭлиКам**

ОКНА и ДВЕРИ из ПВХ
РАССРОЧКА на 5 месяцев
КРЕДИТ – "ОТП-банк"
ГАРАНТИЯ. КАЧЕСТВО
☎ 8-928-070-94-77.
на 2-е окно сетка в подарок

Коллектив мебельной фабрики **"РОКОС"** поздравляет жителей г. Алагира с наступающим Новым годом и с Рождеством и дарит **СКИДКИ 30%** на всю продукцию из наличия.
АО "РОКОС", г. Владикавказ, ТЦ "Вертикаль", рынок "Викалина, ул. Защитников Осетии, 1.

**НÆ ЗЫНАРГЪ БÆЛЦЦÆТТÆ!**
Ног азы къæсæрыл æрлæууыдыстæм, æмæ уын
**ТАКСИ «Фадат» ☎ 3-15-58, 3-18-29**
зæрдиагæй арфæ кæны! Æнæнизæй уыл æрцæуæд! Уæ зæрдæйы цы фæндтæ ис, уыдон уæ къухы бафтæд! Фæндæгтыл цæуæг стут, æмæ уæ фыдбылызæй Хуыцау хизæд!
Нæ хæдтулгæтæ – уæ бар, 3-5 минутмæ уыдзысты уæ разы!
Кусæм æхсæв-бонмæ. Фæндаггаг нæм – 50 сомы.

**«ИМПЕРИЯ»: пластиковые ОКНА И ДВЕРИ.**
Стеклопакет. Москитные сетки.
**ЖАЛЮЗИ:** горизонтальные, вертикальные и рулонные разных цветов. БЫСТРО. КАЧЕСТВЕННО. НАДЕЖНО. ☎ 8-989-747-72-21.

**ПРОКАТ ПАЛАТОК** от 100 до 500 мест.
Имеются новые белые, синие и обычные тенты.
ОТОПЛЕНИЕ. ОФОРМЛЕНИЕ ПАЛАТОК, МАШИН.
УГОЛ НЕВЕСТЫ,
МУЗЫКАЛЬНОЕ СОПРОВОЖДЕНИЕ.
☎ 8-928-864-53-51, 8-929-863-11-45.

**ЭТАЛОННАЯ ШКОЛА МЕНТАЛЬНОЙ АРИФМЕТИКИ** теперь и в Алагире!
☎ 8-962-747-40-90.

**МАГАЗИН БЫТОВОЙ ХИМИИ**
(угол ул. Л. Толстого и Партизанской)
предлагает: ПАМПЕРСЫ – № 6 – 16 руб/шт., № 5 – 15 р., № 4 – 13 р., № 3 – 12 р.;
Тайд (3 кг) – 210 руб.,
Ариэль (3 кг) – 250 руб.,
Персил 3 кг.– 250 руб.,
Бимакс 3 кг. – 200 руб.
и многое другое.

**ПЕПЛОБЛОКИ**
(Нальчик) пропаренные;
**ПЕСОК желтый**
для штукатурки (Прохладный). Доставка.
☎ 8-918-834-36-65, 8-903-484-01-50, Заур.

**НАТЯЖНЫЕ ПОТОЛКИ**
от 350 руб/кв.м. ВЫСОКОЕ КАЧЕСТВО, НИЗКИЕ ЦЕНЫ. РАССРОЧКА, КРЕДИТ.
☎ 8-988-838-93-92, 8-960-400-52-57, 8-928-928-72-76.


## ПРОДАЮТСЯ:

**ДОМ на УЗК, ул. Гужвина, 7. Цена 900 тыс. руб. Торг.**
**☎ 8-928-935-01-64, Зема.**

**ДОМ в** центре города, на ул. Кавказской, 42 (район рынка). Цена 2 млн. 500 тыс. руб. Торг уместен.
**☎ 8-928-930-07-29.**

**2-комнатная КВАРТИРА** без ремонта на 5 этаже на ул. А. Агузарова (напротив СОШ № 2);
**старый ДОМ** с земельным участком на ул. Алагирской, 27.
**☎ 8-928-069-78-37.**

**3-комнатная КВАРТИРА** на 1 этаже на ул. А. Агузарова, 5 (можно под коммерческую структуру). Цена договорная.
**☎ 8-918-705-78-79.**

**ДРОЖЖИ свежие, у входа в Центральный рынок.**

**МЁД ставропольский – полевое разнотравье. Качество гарантирую.**
**Расфасован по 3 л – 1300 руб.**
**Доставка на дом.**
**☎ 8-928-686-81-39, 8-906-489-56-77.**

**СЫР солёный (хæндыджы цыхт) – 300 руб/кг.**
**☎ 8-989-746-60-03.**

**ОТРУБИ (20 кг), САХАР (50, 25 кг), МУКА: «Агат» (50, 25 кг), «Ника-Зеленокумск» (50, 25 кг), КУКУРУЗА (47 кг), ПШЕНИЦА, ЛÆХУРД, ячмень, комбикорм, несушка, старт, рост, финиш, мел, жмых, СЕЧКА пшеничная, ГРЕЧКА, РИС, СОЛЬ пищ. и для КРС, МАСЛО подс. рафин. и нерафин., СГУЩЕНКА, МАКАРОНЫ; СЕНО в тюках, САЛФЕТКИ, туалетная бумага.** Доставка бесплатно, без выходных.
**☎ 8-929-863-11-45, 8-928-864-53-51.**

**ОТРУБИ** – 180 руб., **САХАР** (50 кг) – 2000 руб., **МУКА «Агат»** (50, 25, 10 кг), **«Зеленокумск»**, 50 кг, 25, 10 кг; **КУКУРУЗА** – 500 руб., **КАРТОФЕЛЬ**, **ПШЕНИЦА**, **ЛÆХУРД, ЯЧМЕНЬ, КОМБИКОРМ (ПТ, КРС), СТАРТ, РОСТ, ФИНИШ, НЕСУШКА, мел, соя, жмых, дробл. пшен., ячмень молотый, крупы по 5 кг, соль в ассортименте, туалетная бумага, САЛФЕТКИ, ТОПЛЕНОЕ МАСЛО, СГУЩЕНКА, МАСЛО** подсолнечное – 300 руб. **и мн. др.** Доставка. Работаем с 8 до 20 ч, без выходных.
**Наш адрес:** угол улиц А. Агузарова и Ленина, магазин "Хойраг".
**☎ 8-918-838-61-13, 8-928-687-56-13, Марат.**

**СЕНО в тюках.**
**☎ 8-918-704-22-54, Алик.**

**а/м "Газель"-фургон 2008 г.в., цена 300 тыс. руб.;**
**ВОРОТА гаражные (железные), цена договорная.**
**☎ 8-988-189-83-36.**

Классный руководитель С.Н. Вахлюева, учащиеся 8 «В» класса СОШ № 2 и их родители выражают глубокое соболезнование Светлане Бутаевой по поводу безвременной кончины дяди
**БУТАЕВА**
**Аслана Тельмановича**

Классный руководитель Л.А. Дзугаева, учащиеся 2 «А» класса СОШ № 3 и их родители выражают глубокое соболезнование Давиду Бутаеву по поводу безвременной кончины отца
**БУТАЕВА**
**Аслана Тельмановича**

## УСЛУГИ:

**ОСЕТИНСКИЕ ПИРОГИ на вынос к Новому году. Вкусные, домашние пироги по приемлемым ценам, только из натуральных и свежих продуктов. Стерильность и качество гарантируются.**
**ПОЗВОЛЬТЕ СЕБЕ ОТДЫХ – НЕ СТОЙТЕ У ДУХОВКИ В КАНУН ПРАЗДНИКА!**
**Возможен самовывоз и доставка.**
**☎ 8-989-131-96-16.**

**СТРИЖКИ МУЖСКИЕ И ЖЕНСКИЕ. КОРРЕКЦИЯ БРОВЕЙ. СВАДЕБНЫЕ И ДЕТСКИЕ ПРИЧЕСКИ. Возможен выезд на дом.**
**☎ 8-961-825-55-26.**

**ГРУЗОПЕРЕВОЗКИ по республике и за ее пределы.**
**УСЛУГИ ТАКСИ (6-местный).**
**☎ 8-988-189-83-36.**

**САНТЕХНИЧЕСКИЕ РАБОТЫ, разводка воды и канализации, УСТАНОВКА И РЕМОНТ КОЛОНОК, душевых кабин, унитазов, смесителей.**
**КОПКА ТРАНШЕЙ и ВРЕЗКА в общие сети.**
**РЕМОНТ – мелкий и под ключ.**
**ШПАКЛЕВКА, ОБОИ, СТЯЖКА, ЛАМИНАТ, ПЛАСТИК, ВАГОНКА, БЛОКХАУС и мн. др.**
**☎ 8-988-837-21-43, 8-988-873-31-72.**

## СДАЕТСЯ:

**В АРЕНДУ ПОМЕЩЕНИЕ под фирму такси в районе Пенсионного фонда. Оплата – 4 тыс. руб. в месяц.**
**☎ 8-928-930-07-29.**

**Редакция газеты "Заря"**
**ПРИНИМАЕТ ОБЪЯВЛЕНИЯ ЕЖЕДНЕВНО,**
**кроме субботы и воскресенья, с 9 до 17 ч. Перерыв — с 13 до 14 ч. Просим граждан обращаться с заявками ЗАБЛАГОВРЕМЕННО.**
☎ *для справок 3-14-64.*



Семья Бицоевых признательна соседям, близким, друзьям и знакомым, всем, кто разделил с ней боль безвременной утраты дорогого **Бицоева Алана Руслановича.**

Извещаем, что **сорокадневные поминки Алана состоятся в пятницу, 28 декабря, по адресу: ул. Коста, 231-б.**


**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
И ВЕСЬ СПЕКТР УСЛУГ. КРУГЛОСУТОЧНО.
Обработка. Гробы. Копка могил. Кирпич, плиты, оркестр, дудук. Доставка бесплатно.
☎ 8-963-176-73-53, 8-928-485-07-80, Борис (Алагир).

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
– **5000 руб.** КРУГЛОСУТОЧНО.
Возможно уколом. Гарантия качества. Обмывание, одевание, макияж. Доставка ритуальных принадлежностей, копка могил. Перевозка по республике и за ее пределы.
☎ 8-988-834-92-41, 8-928-068-66-91, Гена.

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
и обработка (возможно уколом). Обмывание и одевание. Похоронная одежда. Доставка гроба. Кирпич и плиты с доставкой на кладбище. Копка могил. VIP-катафалк. Оркестр. Дудук.
КРУГЛОСУТОЧНО.
☎ *8-928-481-21-80.*

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
Доставка ритуальных принадлежностей. КРУГЛОСУТОЧНО.
Обр-ся: г. Алагир, ул. Ч. Басиевой, магазин «Стекляшка».
☎ 8-928-933-42-32.

**РИТУАЛЬНЫЕ УСЛУГИ**
БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ, МОЖНО УКОЛОМ – 5 тыс. руб.
КРУГЛОСУТОЧНО.
☎ 8-928-065-20-00 (Алла), 8-928-930-03-86 (Рая).

**РИТУАЛЬНЫЕ УСЛУГИ**
БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ, МОЖНО УКОЛОМ – 5 тыс. руб.
КРУГЛОСУТОЧНО.
☎ 8-928-068-20-71, Рита.



**Использование материалов и клише допускается только с письменного разрешения редакции. При перепечатке ссылка на "Зарю" обязательна. Редакция не вступает в переписку с авторами. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Ответственность за содержание и достоверность сведений в газетных материалах и рекламных объявлениях несут авторы.**



**Газета набрана и свёрстана в компьютерном цехе редакции, вёрстка – Валерий Козырев, Фатима Мамиева. Корректор Эмма Лолаева. Дежурный по номеру Виктория Хадикова.**

УЧРЕДИТЕЛЬ: АМС Алагирского района РСО-Алания (363240, РСО-Алания, г. Алагир, ул. С. Кодоева, 45).

**Зам. главного редактора Р.Б. ДОЕВА.**

Газета зарегистрирована 15 ноября 2012 года Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания, регистрационный номер ПИ № ТУ 15-00080.

*Главный редактор – 3-29-72*
*зам. гл. редактора – 3-59-73*
*главный бухгалтер – 3-14-64*

Выпуск издания осуществлён при финансовой поддержке Федерального агентства по печати и массовым коммуникациям.

*Отпечатано в АО "Осетия-Полиграфсервис": г. Владикавказ, пр. Коста, 11.*

Подписано в печать в 15-00 (по графику — 17-00).

Индекс – П6179. Печать офсетная. Объем – 1 п. л. Тираж – 3849 экз. Заказ № ___________

Газета выходит во вторник, четверг, субботу на русском и осетинском языках. Цена свободная.

Адрес редакции и издателя: 363240, РСО-А, г. Алагир, ул. Сталина, 72.
E-mail: gazeta_zaria@mail.ru
сайт: zarya.press15.ru